


Pwodwi Lèt Tete lè Tibebe w la Fèt Anvan lè

Tibebe ki fèt byen anvan lè abityèlman rete nan depatman swen entansif neyonatal.


Lèt tete se yon medikaman epi yon manje pou tibebe w la. Li enpòtan pou kòmanse pwodwi lèt tete osito posib apre tibebe a fèt. Pi bonè ou kòmanse, se plis lèt w ap pwodwi pou tibebe w la.



Yon tibebe ap resevwa kolostwòm nan yon sereng



Sereng ki ranpli ak kolostwòm



Lèt tete ki ponpe



Ekstrè manyèl manman fè

Yo rele premye gout lèt tete a kolostwòm"

- Kolostwòm vini sou fòm ti gout lèt tou piti ki gen yon ti koulè jòn. Kolostwòm gen fòtifyan espesyal ki kapab ede anpeche enfeksyon.
- Anpil moun rele kolostwòm lan "lèt jòn" poutèt li si tèlman bon.
- Ou kapab sèvi ak yon ponp pou tete epi ak men w pou w jwenn kolostwòm lan. Eseye pran kolostwòm ou an pi vit posib apre tibebe a fèt pou l sa pare pou tibebe w la depi l ap bezwen l. Pi bonè ou kòmanse eseye, se plis lèt w ap pwodwi.
- Enfimyè yo kapab bay tibebe w la kolostwòm lan, menm si tibebe a pa ase gran pou l pran bibwon.

Pwodwi plis lèt avèk letan

- Apre detwa jou, lèt ou a ap chanje. L ap pi blan epi w ap pwodwi piplis lèt.
- Ódinèman lèt sa a parèt ant 3 ak 5 jou apre tibebe a fèt, oubyen pafwa menm pi plis tan apre yon tibebe ki fèt anvan lè, yon sezaryèn, oubyen si w resevwa sèten medikaman anvan oubyen pandan w ap akouche.
- Se lèt sa a tibebe a bezwen pou l grandi.

Konbyen fwa pou m sèvi avèk ponp lan ?

- Ponpe omwen 8 fwa pandan 24 è.
- Pa blyie ponpe lannwit tou. Li ka itil pou pwograme yon alam pou w sa leve epi ponpe.
- Li nomal pou premye detwa jou yo pou w senpleman wè detwa gout kolostwòm. Memsi ou pa wè twòp lèt pou kòmanse, ponpe anpil nan kòmansman an ap ede w pwodwi pi plis lèt pi devan.

Ekstrè manyèl

- Ou kapab jwenn lèt tou nan tete w lè w sèvi avèk men w pou espre lèt la dirèk nan yon ti gode.
- Ekstrè manyel kapab fèt touswit apre kouch la oubyen menm anvan w akouche.
- Ekstrè manyèl kapab fèt nan menm lè oubyen apre ou ponpe tete w pou w sa pwodwi plis lèt.

Ki kote m kapab jwenn sipò pou ponpe epi pou ekstrè manyèl ?

- Konseye laktasyon (se moun maton ki resevwa fòmasyon espesyal pou yo ede w ba tibebe a tete) oubyen enfimyè kapab ede w sèvi ak ponp lan epi aprann ou kijan pou fè ekstrè manyèl.
- Fanmi w ak zanmi w kapab ede w epi ba w sipò tou.